

Pwoteje Ti Bebe w la

Pousantaj Sifilis Konjenital
yo Ap Ogmante

Ki sa sifilis ye?

Sifilis se yon enfeksyon seksyèlman transmisib (STI). Li ka lakòz pwoblèm sante grav si yo pa trete l.

Li pwopaje pandan sèks nan vajen, nan dèyè oswa nan bouch.

Anpil fwa moun pa konnen si yo gen sifilis paske sentòm yo ka pa evidan. Sifilis ka transmèt menm san sentòm.



Ki sa sifilis konjenital ye?

Sifilis konjenital rive lè yon moun ansent ki gen sifilis pase enfeksyon an bay tibebe a pandan gwochè la.

Enfòmasyon rapid

Sifilis kapab pase al jwenn tibebe w la nan nepòt ki moman pandan gwochè ou.

Si patnè w la pa trete, ou ka retounen genyen l.

Bòn nouvèl:
sifilis ka geri!

Sifilis ka lakòz pwoblèm sante grav pou tibebe w la, tankou:

- Foskouch (pèdi gwochè la)
- Mòne (yon ti bebe ki fèt toumouri)
- Premature (yon ti bebe ki fèt bonè)
- Pwa nesans fèb
- Lanmò yon ti tan apre nesans

Ansent?


Si w ansent, vizite **pwofesyonèl swen sante prenatal ou a.**
Yo ka teste ou pou sifilis.

Eskane pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante prenatal
ak lòt resous.

<https://www.nj.gov/connectingnj/>



Dyagnostike ak sifilis? Jwenn tretman touswit.



Sifilis ka transmèt bay tibebe w la.
nenpòt ki lè pandan gwo sès la.

Sifilis ka geri ak antibiyotik.
Li enpòtan pou swiv enstriksyon tretman pwofesyonèl
swen sante w la.

Patnè seksyèl ou yodwe trete tou.
pou w pa retounen pran sifilis.



Seksyèlman aktif? Bezwen yon kote pou fè tès STI gratis?

Vizite Depatman Sante New Jersey
<https://www.nj.gov/health/hivstdtb/stds/locations.shtml>



Gen plis kesyon sou sifilis?

Vizite Depatman Sante New Jersey
https://www.nj.gov/health/hivstdtb/stds/congenital_syphilis.shtml



Pwojè sa a sipòte/te sipòte pa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, Depatman Sante ak Sèvis Imen, anba
nimewo sibvansyon NU62PS924524-05-05, Aktivite Prevansyon VIH_Baze Depatman Sante, CDFA: 93.940, ak
sibvansyon pou èd Eta New Jersey. Enfòmasyon oswa kontni ak konklizyon sa yo se responsabilite otè a a epi
yo pa ta dwe entèprete kòm pozisyon oswa politik ofisyèl, ni HRSA, HHS, Gouvènman Eta New Jersey oswa
Gouvènman Ameriken non plis yo pa ta dwe dedui okenn andòsman.